

Vin nan yon aktivite vityèl sou òf ak lisdatant nan lekòl presegondè!

Chè fanmi,

Nan preparasyon pou òf lekòl presegondè ki pral pibliye le 25 avril, nou envite w vin jwenn nou pou yon evènman vityèl an dirèk sou òf ak lis datant lekòl presegondè yo, ki gen ladan kijan pou ajoute tèt ou nan lis datant yo, ki jan yo fè òf lis datant yo, ak sa pou w fè. si ou jwenn yon òf lis datant. Apre yon prezantasyon, nou pral reponn kesyon ou yo.

- Chak sesyon yo vityèl sou entènèt, donk ou ka patisipe nenpòt kote ou ye!
- Tanpri sonje chak aktivite pral kouvri menm kontni an, men gen diferan aktivite ki pral ofri entèpretasyon nan diferan lang.
- Yo pral fè aktivite sa a nan dat ak lè sa yo—tanpri itilize lyen ak enfòmasyon pi ba yo pou w patisipe nan sesyon ki pi bon pou ou ak nan lang fanmi w pi pito a:

**Jedi 27 avril, 5pm – 5:45pm | Aktivite a ap fèt ann anglè | Gen entèpretasyon nan: **Bangla, Koreyen, Panyòl****

- Nan lè nou mete pi wo a, klike lyen sa a pou patisipe nan aktiivite a: <https://bit.ly/MSWaitlistEvent2023>
- Itilize nimewo sa yo pou rele pou entèpretasyon pandan sesyon an:
  - **Bangla:** +1 347-966-4114 ID konferans: 245 293 350#
  - **Koreyen:** +1 347-966-4114 ID konferans: 178 658 165#
  - **Panyòl:** +1 347-966-4114 ID konferans: 398 195 518#

**Lendi 1ye me, 5pm – 5:45pm | Aktivite a ap fèt ann anglè | Gen entèpretasyon nan: **Chinwa (Mandaren), Kreyòl Ayisyen, Oudou****

- Nan lè nou mete pi wo a, klike lyen sa a pou patisipe nan aktiivite a: <https://bit.ly/MSWaitlistEvent2023>
- Itilize nimewo sa yo pou rele pou entèpretasyon pandan sesyon an:
  - **Chinwa (Mandaren)** +1 347-966-4114 ID konferans: 150 653 713#
  - **Kreyòl ayisyen:** +1 347-966-4114 ID konferans: 240 421 93#
  - **Oudou:** +1 347-966-4114 ID konferans: 175 097 459#

**Madi 2 me, 1pm – 1:45pm | Aktivite a ap fèt ann anglè | Gen entèpretasyon nan: Arab, Fransè, Ris**

- Nan lè nou mete pi wo a, klike lyen sa a pou patisipe nan aktiivite a: <https://bit.ly/MSWaitlistEvent2023>
- Itilize nimewo sa yo pou rele pou entèpretasyon pandan sesyon an:
  - **Arab:** +1 347-966-4114 ID konferans: 710 490 933#
  - **Fransè:** +1 347-966-4114 ID konferans: 231 460 845#
  - **Ris :** +1 347-966-4114 ID konferans: 655 735 237#

Ou pa ka patisipe nan yon aktivite k ap fèt andirèk (live), oswa ou vle gen plis enfòmasyon?

- Ale nan [schools.nyc.gov/Middle](https://schools.nyc.gov/Middle). N ap afiche yon anrejistremman ki gen soutitraj (caption) sou sitwèb nou an de semèn apre premye aktivite a.

Bon siksè,

Ekip admisyon nan lekòl presegondè, Biwo enskripsyon elèv

**Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w?** Pa bliye mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl presegondè nan [schools.nyc.gov/SignUp](https://schools.nyc.gov/SignUp). Si w pa vle resevwa mesaj ankò sou admisyon nan lekòl presegondè, tanpri klike [la a](#).